

RINGKESAN

Farid Ahmad Siddiq, 2017. Efektivitas Model Pembelajaran Inkuiiri Terbimbung anu Dilengkepan Lembar Kerja Peserta Didik kana Hasil Diajar dina Pangajaran Jamur. Pembimbing 1 Dr. H. Uus Toharudin, M.Pd., jeung Pembimbing 2 Drs. H. Yusuf Ibrahim, M. Pd., M.P.

Ieu panalungtikan boga maksud pikeun nganyahokeun efektivitas model pembelajaran nkuiiri Terbimbung anu dilengkepan Lembar Kerja Peserta Didik kana hasil diajar khususna ngeunaan materi ajar jamur. Udagana tina panalungtikan ieu pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina aspek kognitif, afektif, jeung pesikomotor. Anu jadi subjek dina panalungtikan nyaeta kelas X IPA SMA PGRI Naringgul, Kabupaten Cianjur, khususna di kelas X IPA 1 (kelas eksperimen) jeung kelas IPA II (kelas kontrol), anu jumlah unggal kelas na 26 urang. Ieu panalungtikan digarap jadi dua jirangan, anu dilaksanakeun dina tanggal 18 Oktober jeung 19 Oktober 2017. Padika anu dipake dina panalungtikan nyaeta quasy experiment make tehnik purpositive sampling. Instrumen anu dipake mangrupa 20 patalekan pilihan ganda pikeun ngukur kamampuhan aspek kognitif, sarta rubrik pikeun ngukur afektif jeung pesikomotor. Data hasil tes pilihan ganda dianalisis ku uji statistik mangrupa uji aben antara ajen pretest jeung ajen posttest tina dua kelas. Hasil panalungtikan pretest katembong rata-rata hasil diajar kelas eksperimen 5.35 jeung kelas kontrol 5.31. Eta hal mere bukti yen peunteun rata-rata kelas IPA I leuwih gede tinimang kelas IPA II dina taraf signifikasi $>5\%$ (.950). Sedangkan hasil peunteun posttest katembong beda rata-rata 12.04 (kelas eksperimen) jeung 9.38 (kelas kontrol), hal ieu nembongkeun signifikasi $<5\%$ (.000). Prak-prakan di ajar anu dipigawe dina sajeroning panalungtikan geus luyu jeung model pembelajaran Inkuiiri Terbimbung. Kacinekana yen model pembelajaran Inkuiiri Terbimbung bias dipake pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa.

Konci: *Inkuiiri Terbimbung, Lembar Kerja Peserta Didik, Jamur.*